VANHUKADZI SEVACHENGETI VEMBEU

Munhoroondo yezvekurima vanhukadzi ndivo vachengeti uye vagadziri vembeu. Mumagariro evatema, mumisha mizhinji vanhukadzi ndivo vane zvekuita nezve mbeu. Ndivo vanosarudza zvose nekuchengetedza mbeu pashure pekukohwa kuti dzivandudzike uye kuzodyarwazve. Vane basa guru pakuchengetedzwa kwezvokudya, uye zvirimwa kunyange mamiriro ekunze asina kumira zvakanaka vanosiyanisa siyanisa mbeu dzavo.

Vanhukadzi vanorima zvirimwa zvisinei nekutengesa asi zvichikoshera kupa hutano uye ruchengetedzo rwezvokudya mumhuri. Zvirimwa izvi zvinosanganisira mapfunde, rukweza, nzungu, mufarinya, nyemba, uye muriwo wemashizha, semuboora, mashizha emufarinya, uye mashizha emapudzi.

Zvisinei hazvo, kana varimi vachinge vamanikidzwa kudyara mbeu dzinotengeswa kubva muzvitoro, vanhukadzi vanokundikana kuenderera mberi nehunhu hwekare hwekusarudza,uye chengeta mbeu dzavo. Vanenge vava kutarisirwa kutenga mbeu dzinodhura dzakauchikwa kubva muzvitoro gore roga roga, vanenge vava kurima munda wose mbeu imwechete. Pamusoro pazvo vanenge vava kutenga mishonga inodhura yekudzivirira zvirwere kuzvirimwa nemafetiraiza izvo zvinoshondiswa pamwechete nembeu iyi yavanenge vachidyara. Nekuda kweizvi vanopinda muzvikwereti uye kutadza kuzviraramira, zvotadzisa vanhukadzi kuve vachengetedzi vembeu.

african centre for biodiversity

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

duducoelho.com